**Genre . Poetry:** **Li poem nan pou w ka dekouvri kòman lanati enspire yon jenn timoun reve bon bagay.**



## *Ti Natalie*

*Gen kèk nan timoun yo k ap jwe marèl*
*Gen kèk lòt tou k ap jwe boul*
*Ti Natalie, pòv, pap jwe anyen menm.*

*Ti Natalie chita sou yon blòk nan lakou l*
*L ap gade bèl ti flè lis epi l ap souke nat li*

*Tanto Ti Natalie se yon van k ap soufle*
*Yon lòt kadè li se yon wosiyòl kap chante*

*Kòman Ti Natalie santi l?*
*Chanjman agoch, chanjman adwat*
*Pandan l rete chita san bouje, li chita,*
*Li  chita l'ap gade san bouje*
*fason okenn moun pa janm chita!*

**Kesyon Esansyèl: Pouki sa k fè panse Ti Natalie enspire otè a?**

